



Pou Piblikasyon Imedya: 05/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU RAPÒ YON MESAJ  
FACEBOOK KI MENASE KOMINOTE LGBTQ NAN WATERTOWN**

"Mwen estomake akoz rapò sou yon mesaj menas yo poste sou Facebook ki mande fiziyad an mas kont kominote LGBTQ nan Watertown lan pandan aktivite Fyète (Pride) yo.

Nan New York, nou gen zewo tolerans pou aksyon lach konsa epi mwen te mande Polis Eta a pou ede otorite lokal yo nan pouswiv an jistis endividi sa a nan tout rigè lalwa a.

New York kanpe pi wo lè nou kanpe ansanm, epi nou pral denonse entolerans ak layèn kèlkeswa kote ak kèlkeswa lè nou wè li".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)